


La Bib pou ti moun
prézanté



Yon mesaje
Bondye



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon jou, yon prèt ki te fin granmoun yo te rele Zakari t ap boule lansen nan tanp Bondye a. Pèp la t ap priye deyò a. Toudenkou, Zakari te kòmanse tranble.



Yon zanj te parèt. Li te di : "Pinga w pè. Se Bondye
ki voye mwen. Madanm ou pral genyen yon pitit
gason. W ap rele li Jan. L ap ranpli ak Sentespri
depi kou li fèt. L apral mennen anpil
moun vin jwenn Senyè a."



"Pale avèk nou, Zakari." Deyò a, pèp la te etone. Yo pa te konnen zanj Gabriyèl te di Zakari li pa t ap kapab pale ankò jiskaske tibebe a fèt paske li pa te kwè mesaj Bondye a. Li te panse madanm li te twò granmoun pou l te genyen yon pitit.



Lè li te retounen lakay li,
Zakari te ekri tout sa zanj lan
te di li a. Pou madanm li,
Elizabèt, se te yon sipriz. Yo
te priye pandan lontan pou yo
te genyen yon pitit. Ki jan sa
te kapab rive kounye a ?





Aprè yon ti tan
Elizabeth te
aprann li te
ansent. Li te di
Bondye mèsi.
Yon jou, Mari,
kouzin Elizabeth
la, te vin wè li.
Mari te ansent
tou.





Lè Mari te rive,
Elizabèt te santi
tibebe a t ap
bouje nan vant li.
Elizabèt te ranpli
ak Sentespri. Li
te konnen tibebe
Mari a se t ava
Senyè Jezikris.
Ansanm yo te di
Bondye mèsi ak kè
kontan.



Tibebe Elizabèt la te fèt jan Bondye te pwomèt l a.
"Rele li Zakari, menm jan ak papa l," lòt prèt yo te di.

Lè sa a Zakari te sonje lòd
Bondye te bali a. "Non ! Non
tibebe a se Jan." Lè Zakari
te fin ekri pawòl sa yo, li te
vin pale ankò. Apre sa, li te di
Bondye mèsi.





Lè Jan t ape grandi, li te
tankou Eli, gran sèvitè Bondye
a. Jan te konn pale ak moun
yo sou Pitit Bondye a ki te
gen pou li vini byento a. Lidè
jwif yo te rayi Jan paske li te
konn ap di : "Repanti !
Sispann fè peche." Yo pa te
vle tande pale de
peche yo.



Genyen kèk lòt moun ki te konn rele li Jan Batis paske li t ape batize moun pou yo montre yo te regrèt peche yo. Yon jou, Jezi t ale kote Jan pou li te batize l.

Jan te pwoteste :


"Se w menm ki ta dwe batize mwen." Men,

Jezi te di : "Pou kounye a se konsa sa dwe ye."

Kidonk, Jan te batize Jezi.



Aprè batèm Jezi
a, Jan te wè
Sentespri a te
desann sou Jezi sou
fòm yon pjon. Se te
yon siy ki soti nan
Bondye. Jan te
konnen Jezi se te
Pitit Bondye. Jan te
rele Jezi Ti Mouton
Bondye a ki vin wete
peche mond lan.




Jan te mennen anpil moun bay Bondye. Men, Ewòd, wa diabolik la, te mete Jan nan prizon. Jan te di Ewòd : "Ou pa gen dwa pou w pran Erodyad, madanm frè w la, kòm madanm ou. Se yon peche." Ewòd te konnen se te vre. Li te konnen Jan se te yon sèvitè Bondye, yon nonm jis ak sen. Men, li pa te vle sispann peche. Epi Jan pa te vle sispann preche kont peche, menm si sa ta vle di ale nan prizon.



Pou anivèsè li, Ewòd te fè yon gwo fèt. Pitit fi Erodyad la te danse pou li. Sa te fè Ewòd plezi. "Ou kapab mande mwen nenpòt sa w vle," li te pwomèt li. "Menm si se mwatye nan wayòm mwen an."





"Kisa mwen pral
mande la a ?" jenn
fi a t ap mande tèt
li. Manman li,
Erodyad, ki te rayi
Jan, te di l sa pou l
mande. Se te yon
bagay terib !



"Ban mwen tèt Jan Batis sou yon plato," jenn fi a te di Ewòd. Ewòd te regrèt li te fè pwomès sa a, men li te gen twòp ògey pou l pa te kenbe pawòl li. "Koupe tèt Jan Batis, epi pote li ban mwen," Ewòd te bay lòd. Sòlda l yo te obeyi li.



Avèk trsitès, zanmi
Jan yo te antere kò
brav ak fidèl sèvitè
Bondye a. Travay
Jan pou Bondye te
fini kounye a. Petèt
yo te konnen Jezi t
apral konsole yo
nan lapenn yo a.



Yon mesaje Bondye

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Mak 6 ; Lik 1 : 3


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





37



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

